InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

ATOUME 2023
WOLOF

# Ame takhawou si sa wérgou yarame fi dekou Communauté bou Madrid pour nites gni diogué si bitime réw té amou gnou waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame



**Fi si Communauté bou Madrid dieule nanou ayes matouwaye you takhes, nites gni amoul waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame comme niko nites gni deug fi di amé, dounou ko meuna ame, dinagnouye dianko ak ayes diafé diafés.**




## A) Boudé ndagua nék fi té amo ays kéyites:

Yone may nala nga ame takhawaye si lou are sa wérgou yarame si dara

1. Ndagua wara woute keyitou mairie biye firndéle fi nga deuk.
2. Ak keuyite bobou, bochi meuné woné am nga niaty wéres si sa dekhouwaye, meune nga déme si keury doctor bi gueneu diégué sa keur pour dieule dioko si djourome niary keurs yiye topato takhawou si wérgou yarame.
3. Si keur gogou di topato takhawou wérgou yarame, meune nga lache kéyite bi toudou DASE(Kétite biye diokhé waréfe ak yéléfe si takhawaye si wérgou yarame), moye kéyite mi gokhou Madrid diokhe gni diogué bitime réwe te amouyou kéyites. Kéyite bobou di DASÉ, dina la maye takhawaye si faneu yeupe yi dieume si sa wérgou yarame si réwmi, bolé chi ordonances boye faye 40% si dieugueme. Dinga ko amé si niarry ates, meune nanou ko yésalate sa bo diokhé kéyites yi gnou sokhla. Kéyites yi nga wara diokhé: kéyite bi koye lache, sa pasport ak sa kéyite biye firdéle fi nga deuk.
4. Sa bou dioté kéyite bobou DASÉ, warga woute dioko ak sa doctor bi gnou la diagléle si sa keurou wérgou yarame. Mome dina la yabale si keurou doctor yi séne khame khame mache si diangoro ak padioume VIH.

# Ame takhawou si sa wérgou yarame fi dekou Communauté bou Madrid pour nites gni diogué si bitime réw té amou gnou waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame

## B) Boudé dangaye niane keuyitou asile:

Ame nga saye saye si takhawayou wérgou yarame bo doule faye dara, name ya ngui yoré keuyitou daw lakhou si bénéne réw si adina

1. Warnga amé keuyitou sa deukouwane si sa mairie gokhe.
2. Bodé dawe lakhou si asile, war nga yoré béne keuyite bouye firndéle né mome nga.(keuyite bou khonke wala keuyite bou wékhe binou laye diokhe bo ladjé dawe lakhou si bénéne réw si aduna).
3. War nga déme si keurou doctor bi gueuna diégué sa keur, da di dieule apes penko ak gniyes topato keuyite bobou, pour gnou takhawoula banga meuna fadjou sa boula nékhé.
4. Si fofou gnouye topato keuyitou ame takhawaye si wergou yarame, lache sa DASPI (di keuyite bi la diokhe takhawou si wergou yarame bode, ayes dawe lakhou) DASPI dina la diokhe takhawou si wergou yarame si lépeu li dieume si wérgou yarame si réwmi, bolé chi ordonances boye faye 40% si djieugueume. Keuyite bobou, sa amna diroube dounde bou méle ni sa keuyite bou khonke bi wala bou wékhe bi. Keuyites yin gaye diokhé boye woute keuyitou wérgou yarame: formulaire boye khatime sa toure ak dekouwaye, sa keuyitou touki, sa keuyitou dekouwaye bou mairie ak sa keuyitou dawe lakhou, keuyite bou khonke bi wala bou wékhe bi té mou bakhe di dokhe.
5. Sa bou dioté si sa keuyitou DASPI, meune nga woute dioko ak sa doctor bi gnou la diagalal si sa keuri doctor ndakhe mou yabal la si gni séne khame khame guena mache si yonou wérgou yarame bobou. Yokou chi di nga meuna dite ayes garabes youye khékhe diangoroye VIH si sa yarame.

## C) Boudé ndaga amé visa pour djiangue:

Amo sagne sagne ak waréff si gnou niombalaleu fadioume wérgou yarame si dara.

1. Warga ame béne keuyitou assurance bo momale sa bopp pour sa wére gou yarame wala nga wakhe ak keroupe assurance si sa réwe mou takhawe si yombalaleu padioume wérgou yarame fi si réwou Espagne.
2. Kéyitous assurances yoyou doula maye gnou meuna thiaytou sa wérgou yarame si lou dieume si diangoro VIH, doula yombale tamite garabe bi koye khékhe.
3. Wanté meune nga dionkontéle ak ays ONG pour gnou meune la dimbeulé ndakhe nga meuneu ame takhawaye ak thiaytou si sa wérgu yarame si diare diare yénéni ayes yonnes.




**Bo chi beugué khame lou beurri, dougueule si page web bi:**

Meune nga woté si numero telefone bi: **683 280 312**

## D) Boudé ya ngui deuk Madrid té nga sokhla gnou thiaytou sa wérgou yarame boudé sa diangoro meune ngako waleu béné nit si mbédeu bi:

Amnga waréfe ak yéléfe si gnou thiaytou sa wérgou yarame

Si deukou Madrid ak li ko weure, takhawale nanoufi, ayes dioumetouwayes boudé ndnga beugueu gnou thiaytou sa wérgou yarame si lo gawe bodé amo kheyite. Diare diare yoyou gni ngui ko dieumeulé si nites gni amé ayes firndé you fégnes wala you lakhou si séne wérgu yarame. Si firndé you lére yi, bolé nanou chi, djiguéne gni eumbe, toutes tanki yi, si firndé you lakhou yi, gni yoré diangoro bounou meuna waleu yénéni ayes nites si mbédeu bi séne djiangoro té séne fébar gnou bolé ko si diangoro yi gnou wara fésale ( VIH, febarou seukheute bi, wala bépeu diangoroyes séye ).

Name démago si keur doctor pour gnou thiaytou sa wérgou yarame si nimou gueune gawé si yonou diare diare yoyou, amna sola torape nga déme tamite fi gnouye défaré keuyite bi laye diokhe waréfe ak yéléfe bou lére bo diogué si bit isa keuyite bou toudou DASE wala bodé ayes dawe lakhou ndakhe danou la boundou khatal si sa réwe, keuyite bi laye diokhe sagne sagne bi témou toudou DASPI. Ak kheuyite yoyou, do faye dara si sa thiaytou yarame.

## Ame takhawou si sa wérgou yarame fi dekou Communauté bou Madrid pour nites gni diogué si bitime réw té amou gnou waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame

1. Boudé djiguéne bou eumbe nga, wala ngaye toutes tanques wala nga amé diangoro bouye walante ak ayes nites si mbédeu bi, bo sokhla thiaytou bou gawe ware nga déme si biro gniyes topato mbiroume kheuyite yi boudé sa dispansaire la, wala si fignou laye dalalé bo gneuwé hospital si urgences.
2. Si sa dispensaire bi wala si hospital bi, dina nou khole ndakhe amo kheuyi bou laye takhawou si sa wergou yarame si béni yone. Bounou paré dinagnou la wakhe foye dioté thiaytou sa wérgu yarame, foye déme bo paré, fou mélni si assistante social wala fignouye topato mbiroume kheuyite yi ndakhe gnou meune la diokhe béne ( niméro bo khamné yawe léke ya ko ame si sa ngokhe)
3. Boudé djiguéne bou eumbeu nga wala khalé toute tanque, dinanou la bindeu si bire fi gnouye diokhé keuyite yi ndakhe gnou meune la thiaytoul sa wérgu yarame ba ngaye diote keuyite bi toudou DASE bo diogué di biti wala DASPI bodé waye dawe lakhou.
4. Boudé ndaga yakar amé diangoro bounou meuna waleu yénéni ayes nites si mbédeu bi, dinanou la bindeu si bire fi gnouye diokhé keuyite yi ndakhe gnou meune la thiaytoul sa wérgu yarame ba doctor yi né li nga done wakhe firndéle nanou né deugueula, name sa diangoro meune nga ko walé si mbédeu bi, dina gnou la takhawou té do faye dara si pache momou ngaye diote. Dina gnou firndéle n ésa thiaytou wérgu yarame dina gnou ko fayé ak khalissou réw mi.
5. Sa so dioté kheuyitou thiayetou sa wérgou yarame DASE wala DASPI, di ngaye diote sa takhawou si sa wérgu yarame, ni ko sa keuyite bi firndélé.



grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Descargo de responsabilidad**

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA

GOBIERNO DE ESPAÑA — MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

MINISTERIO DE SANIDAD — SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD — DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA — DIVISIÓN DE CONTROL DE VIH, ITS, HEPATITIS VIRALES Y TUBERCULOSIS

Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya

Diputació Barcelona | Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social

Ajuntament de Barcelona

COLABORA

ETIS — EQUIP DE TREBALL SOBRE INMIGRACIÓ I SALUT

Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari | eSPiC Equip de salut pública i comunitaria

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.